



Chè paran ak Titè yo,

4 Fevriye, 2022

Springfield Public Schools te fè patenarya ak òganizasyon san bi likratif, EducationSuperHighway nan kad yon inisyativ sansibilizasyon nan mwayen pou fè w konnen **Pwogram Koneksyon Abòdab (ACP)**. Pwogram gouvènman federal sa a bay:

- Jiska \$30 pa mwa kòm **yon rabè sou sèvis entènèt**, ak
- Yon rabè inik, jiska \$100 pou yon aparèy konekte (tankou yon laptop, yon òdinatè oswa yon tablèt) achte nan men yon founisè patisipan.

Aksè Entènèt la vin tounen yon eleman enpòtan pou patisipe totalman nan lekòl la epi nou vle asire ke elèv ou a gen aksè fyab ak bon mache lakay ou. Kòm elèv ou a ale nan yon lekòl ki nan Springfield Public Schools pandan ane akademik 2021-2022 aktyèl la, **fwayer ou a elijib pou benefisye nan pwogram ACP a**. Springfield Public Schools patisipe nan Dispozisyon Elijibilite Kominotè (CEP) federal ki fè w elijib otomatikman.

Si w enterese aplike pou avantaj sa a, ou ka jwenn plis enfòmasyon epi aplike sou Entènèt nan [ACPbenefit.org](http://ACPbenefit.org). Anplis de sa, ou ka kontakte Sant PACE ant èdtan 8am ak 4pm Lendi jiska Vandredi nan 413-787-6959 oswa kontakte patnè nou yo EducationSuperHighway lè w itilize avèk fòmilè kontak yo a nan adrès: [educationsuperhighway.org/acpbenefit](http://educationsuperhighway.org/acpbenefit) pou jwenn èd pou aplike.

**Yo ka telechaje kanè elèv ou a pandan pwosesis aplikasyon an pou pwouve kalifikasyon pou benefisye nan Pwogram Koneksyon Abòdab.**

Mèsi pou sipò ou kontinye bay Springfield Public Schools e nou la pou asiste w konsènan alokasyon ACP ak nenpòt lòt enkyetid ou ka genyen.